



PREPARE POU KOLONOSKOPI W LA!






Founisè w la rekòmande yon kolonoskopi pou chèche polip - boul ki ka tounen kansè.



Avèk yon kolon pwòp, doktè yo ka jwenn epi retire polip ki fòme anvan moun gen kansè yo. Si kolon an pa pwòp, nenpòt poupou ki rete ka kache polip yo ta dwe retire.




Li enstriksyon sou preparasyon w yo avèk anpil atansyon yon semèn anvan kolonoskopi w la.



YON SEMÈN ANVAN KOLONOSKOPI

Pran bwason pou
preparasyon trip ou nan
famasi a epi revize
enstriksyon yo. Mete l nan
frijidè a.

DE JOU ANVAN KOLONOSKOPI



Sispenn manje repa ki gen anpil
fib.

YON JOU ANVAN KOLONOSKOPI



Pandan tout jounen anvan
kolonoskopi a bwè sèlman likid
klè. Pa manje okenn manje solid.

Bwason pou prepare trip lan ap ede netwaye kolon w. Pou pi bon gou, ajoute li nan likid klè, jis pa pran okenn likid wouj, jòn abriko, oswa koulè wouj vyolèt.

Liquid options for bowel prep mixture

- Gatorade
- Clear flavor Crystal Light
- Organic low - sodium broth
- JELL - O
- Apple juice
- White grape juice
- Flavored sparkling water
- 7-UP or Sprite
- Tea/black coffee (no milk/cream)



Liquids to avoid:

Red



Orange




Purple




NAN LANNWIT ANVAN KOLONOSKOPI



Bwè yon tas bwason preparasyon pou trip lan chak 10-15 minit jiskaske ou fin bwè mwatye nan li.



Asire w ke ou toupre yon twalèt, ou pral ale nan twalèt anpil.



Sere dezyèm pati a nan frijidè.





Kòmanse bwè RÈS preparasyon w lan 6 èdtan anvan randevou kolonoskopi w la. Bwè yon tas chak 10-15 minit. Bwè tout preparasyon an omwen 2 èdtan anvan randevou w la. Sa a enpòtan.

Apre w fin bwè tout bwason preparasyon ou, poupou w ta dwe yon likid klè, jòn. Si li solid, rele biwo kolonoskopi a pou pran yon lòt randevou.




Si w dyabetik oswa si w ap pran medikaman anti-kowagilan, mande founisè w kijan ou ta dwe pran medikaman w.



Asire w ke ou gen yon moun pou akonpaye w lakay ou.

Lè yo idantifye polip yo ki ta ka tounen kansè nan pita, kolonoskopi sove lavi!

Brought to you by team members from the Implementation Science Center for Cancer Equity (ISCCCE) at Harvard TH. Chan School of Public Health, Massachusetts General Hospital, Dana Farber Cancer Institute, Codman Square Health Center, and the Massachusetts League of Community Health Centers.



Adjoa Anyane-Yeboa, MD, MPH

Rachel Hindin, MD, MPH

Karen Emmons, PhD

Daniel Gunderson, PhD

Gina Kruse, MD, MPH

Leslie Pelton-Cairns, MS, LCSW

Leslie Salas Karnes, MPH

James Daly, MPH

Michelle Fredericks, MPH

Lynn Ibekwe, PhD, MPH

Nathan Yoguez, MPH

Araba Buadu, MD, MPH



bit.ly/haitianbowel

Eskane kòd QR sa a pou w gade
videyo "Prepare Pou Kolonoskopi
W La"!